

La Bib pou ti moun prézanté

Jakòb mantè
(tronpè) a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : M. Maillot; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : M. Kerr; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.





Èske Bondye te janm
voye yon tibebe nan
fanmi w ? bon bagay !
Izarak ak Rebeka
dwe te kontan anpil
anpil. Bondye t apral
ba yo marasa.



Tibebe yo t ap bat
nan vant Rebeka. Lè
Rebeka t ap priye,
Bondye te di de
pitit gason li yo t
apral dirije de
nasyon — epi pi
piti a t apral gen
plis pouvwa nan
yo de a. Dabitid,
pi gran yo te konn
pi puisan. Finalman,
tibebe yo te fèt.



Marasa yo pa te sanble. Ezayi, pi gran tigason an, te gen anpil pwal sou tout kò l epi li te vin yon chasè abil. Jakòb te gen po mou epi li te renmen travay ozalantou kay la. Papa yo, Izarak, te prefere Ezayi. Kanta pou manman yo, li menm li te pi renmen Jakòb.



Yon jou, Ezayi te grangou anpil. "Ban mwen yon bagay pou m manje," li di Jakòb. "Vann mwen dwa premye pitit ou a," Jakòb te reponn li. Ezayi te pase



pwomès Bondye te fè pi gran pitit gason nan chak fanmi yo nan betiz. Li te antann li ak Jakòb. Kounye a, se Jakòb k ap vin chèf fanmi an apre lanmò papa yo.



Yon jou lannuit, Bondye te pale ak Izarak. "Mwen se Bondye Abraram, papa w la. Mwen avèk ou. M ap beni desandan ou yo." Malgre Izarak te adore Bondye, pitit gason l an, Ezayi, te marye ak de fanm Hitit (hittites), yon pèp ki pa te bay Bondye okenn enpòtans.





Izarak te vin granmoun. "Pote kèk jibye fre pou mwen," li te mande Ezayi. "Aprè sa, mwen ava ba w benediksyon mwen." Benediksyon espesyal sa a se Papa a ki te bay pi gran pitit gason l an li. Ezayi t ale chase jibye a touswit. Men, Rebeka te tande tout bagay. Li te vle se Jakòb ki resevwa benediksyon an.





Rebeka te genyen yon plan. Pandan li t ap prepare yon repa byen vit jan Izarak te renmen l an, Jakòb te mete rad Ezayi yo epi li kouvri men l ak kou l avèk po bèt. Izarak pa te wè twò byen ankò. Se konsa yo te espere twonpe li.



Jakòb te pote manje a bay Izarak. "Vwa w se vwa Jakòb," Izarak te di, "men men ou yo se men Ezayi." Apre Izarak te fin manje, li te beni pitit gason ki te ajenou devan l an.






Touswit apre Jakòb fin
ale, Ezayi te retounen
bò kote Izarak. "Men
manje w la," li te di l.
Izarak te konnen yo te
twonpe li. "Mwen pa
kapab anile benediksyon
an," li t ape kriye. Kè
Ezayi te plen ak
rayisman. Li te deside
touye Jakòb.




Rebeka te tande menas Ezayi
yo. "Ale kay tonton ou," li te
di Jakòb, "jiskaske frè w la
bliye sa w te fè li a." Izarak
te dakò Jakòb te dwe jwenn
yon madanm nan fanmi
manman li. Se konsa Jakòb te
kite kay la.



Jou lannuit sa a, Jakòb te
kanpe pou li dòmi ak yon
wòch kòm zòrye. Petèt
li te santi l poukont li, petèt
li te pè. Men, li pa
te poukont li.
Bondye te
pale avè l nan
yon bèl
rèv.






"Mwen se Bondye zansèt ou yo,
ABRARAM ak IZAAK. Mwen avèk ou. M ap
ba w peyi sa a. Atravè fanmi w, tout fanmi ki
sou latè y ap beni." Apre Bondye te fin pale,
Jakòb te reveye. Li te pè.



Tonton Jakòb la, Laban, te pran l
lakay li. Jakòb te renmen kouzin li
an Rachèl epi li te travay pou
Laban pandan sèt lane pou li
te kapab marye avèk li.
Men, pandan jou maryaj la,



Laban te trayi
Jakòb.



"Se pa te Rachèl, se te Leya," Jakòb t ape plenyen.
"Ou twonpe m." "Pi gran pitit fi a dwe marye an
premye," Laban te reponn. "Kounye a, marye ak
Rachèl tou epi travay pou mwen pandan sèt lane
anplis." Jakòb te dakò. Petèt li te
sonje li menm tou jan li te twonpe
Izarak Ezayi.



Jakòb te genyen 11 pitit gason.
Pandan lane yo t ap pase, li te
anvi mennen fanmi li retounen
Kanaran. Se la paran li yo te ye.
Men, avèk Ezayi ki te vle touye l
a, èske li t ap an sekirite ? Yon
jou, Bondye te di li pou l retounen
lakay li. Jakòb te rasanble tout
fanmi l ak tout bèt li yo epi li
te pran
wout la.




Ala yon vwayaj sa te ye ! Ezayi
te vin rankontre Jakòb avèk
400 gason ! Men, li pa te fè
Jakòb ankenn mal. Li te
kouri al jwenn li epi li te
anbrase l byen fò. Jakòb
ak Ezayi te byen ankò, epi
Jakòb te retounen san
manke moso
lakay li.




Jakòb mantè (tronpè) a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan
Jenèz 25-33

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





6



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

